



AJANS POU ADMINISTRASYON SWEN SANTE
2727 MAHAN DRIVE, TALLAHASSEE, FL 32308

www.AHCA.MYFLORIDA.com

V.012019

Medicaid kouvri sèvis
transpò ki pa ijan pou
moun ki kalifye pou
Medicaid epi ki pa gen
lòt mwayen transpò
disponib pou sèvis
Medicaid kouvri yo. Epi
tou Medicaid kouvri
transpò anbilans oswa
avyon an ijans ki nesèsè
pou rezon medikal.
Gen kèk limit.
Tout plan sante k ap
sèvi manm Medicaid yo
kouvri Transpò.

AJANS POU ADMINISTRASYON SWEN SANTE

SÈVIS TRANSPÒ MEDICAID





SÈVIS TRANSPÒ KI PA IJAN

Medicaid ap peye pou sèvis transpò ki pa ijan pou moun ki kalifye pou Medicaid epi ki pa gen lòt mwayen transpò disponib pou sèvis Medicaid kouvri yo.

Men kèk egzanp kote Medicaid pral mennen ou nan sèvis transpò ki pa ijan:

- Randevou kay Doktè
- Randevou kay Dantis
- Randevou Sante Mantal
- Pou resevwa Sèvis Dyaliz
- Pou resevwa sèvis nan yon sant Swen Pwolonje Pedyatrik Preskri (PPEC)

Plan sante w la kouvri transpò pou tout sèvis dantal plan dantal oubyen plan sante w la bay.

TRANSPÒ IJAN

Medicaid ap peye pou transpò nan anbilans oswa avyon an ijans ki nesèsè pou rezon medikal pou yon manm ki kalifye pou Medicaid ki bezwen sèvis transpò an ijans.

PLENT

Si ou gen yon plent konsènan transpò ou a, ou dwe rele ajans transpò a. Se pa chofè a ou dwe rele.

Si ajans transpò ou a pa ka rezoud pwoblèm ou a, rele Liy Èd Medicaid nou a nan **1-877-254-1055** pou depoze yon plent fòmèl. Ou kapab ale sou www.ahca.myflorida.com/medicaid epi klike sou bouton ki di "Report a Complaint" (Depoze yon Plent) la.



FASON POU PWOGRAME TRANSPÒ KI PA IJAN

1. Si ou enskri nan yon plan sante, rele plan ou a pou jwenn non ak nimewo telefòn ajans transpò ou a si ou bezwen yo mennen ou kay doktè oswa nan klinik.
2. Si ou enskri nan yon plan dantè, w ap bezwen rele plan sante w la pou konnen non ak nimewo telefòn founisè sèvis transpò w la si ou bezwen yon woulip pou ale kay dantis la.
3. Ou sipoze rele ajans transpò a omwen **3 jou travay** avan randevou ou a.
4. Ou dwe bay ajans transpò a enfòmasyon sa yo pou moun ki gen randevou epi ki bezwen transpò a:

- Non konplè
- Nimewo Idantifikasyon Medicaid
- Adrès (Kote pou vin chèche ak depoze li a)
- Dat Nesans
- Non Plan Sante a (Si ou enskri nan yon plan sante)
- Dat ak Lè Randevou Medikal la
- Nimewo Telefòn

Ajans transpò a pral poze ou kesyon pou asire yo voye yon machin k ap apwopriye pou bezwen ou yo. Ou kapab genyen yon asistan swen pèsònèl oswa lòt moun akonpanye ou si li nesèsè pou rezon medikal. Pa bliye rele ajans transpò a touswit si randevou ou a anile oswa li chanje a yon diferan dat oswa lè.